

.....

## CHAPIT 1

# Pawòl pou fanmsaj yo

Nan chapit sa a:

Aprann se yon bagay moun fe pandant tout lavi yo.....	1
Pataje sa w konnen.....	3
Pataje sa w konnen avèk lòt fanmsaj ak travayè la santé.....	3
Pataje sa w konnen avèk kominote a.....	4
Laswenyay nan konpasyon ak respè .....	6
Pa kritike.....	6
Swiv pwòp konsèy w.....	6
Ede moun ede tèt yo.....	7
Koute plis, pale mwens.....	7
Pale de gwo pwoblèm yo san kache....	7
Pa devwale zafè sekre moun.....	7
Travay pou amelyore sante fanm yo.....	8
Moun ki afekte santé fanm.....	8
Travay ansanm pou sove lavi.....	10
Gason ka pran swen santé fanm.....	9
Fè travay ou ak kè kontan .....	11

# Pawòl pou fanmsaj yo

CHAPIT

1

Pou w ka travay pou lasante ak byennèt fanm ak tibebe – sa vle di, pou w ka yon fanmsaj – ou dwe vle aprann, trete moun avèk respè ak konpasyon, epi travay ansanm avèk lòt moun pou rezoud pwoblèm lasante nan kominote a.

## Moun toujou ap aprann

Premye bagay pou w fè pou w vini yon fanmsaj – oswa pou w vini nenpòt travayè lasante – se pou w aprann nan men lòt moun. Menm fanmsaj ki gen anpil eksperyans kontinye aprann padan tout lavi yo pou yo ka gen nouvo konesans.

Fanmsaj aprann nan fè eksperyans, nan lekòl, ak nan liv. Li enpòtan pou moun aprann tout jan yo kapab. Tout fanmsaj ta dwe fè yon fason pou yo jwen on balans ant etid epi pratik..

Liv ak etid ede fanmsaj konprann anpil bon jan enfòmasyon.



Men pratik se sèl fason pou yo aprann bagay yo bezwen konnen pou yo pran swen fanm ak tibebe.



## Fanmsaj ki gen eksperyans kontinye aprann

Toujou gen plis bagay yon moun ta dwe konnen sou akouchman ak sou lasante. Chak akouchman diferan; enfòmasyon medikal toujou ap chanje; epi toujou gen nouvo teknik pou moun aprann. Toutotan w se fanmsaj w ka:



- gade kouman lòt fanmsaj, travayè lasante, ak doktè ap bay laswenyay.
- mande fanm ak fanmi w travay pou yo a ki sa yo renmen ak kisa yo pa renmen nan swen w'ap ba yo a.
- Li liv ak lòt materyèl ki ekri sou lasante. Se pou w toujou genyen liv ki enpòtan avèk ou pou w ka chache enfòmasyon ke oupa chonje oswa enfòmasyon w pa itilize souvan.
- Aprann nouvo teknik. Piga w pè aprann nouvo teknik, si w ka jwenn fòmasyon ak zouti ki pou ede w itilize yo pou w fè nouvo pwosedi sennesof. Sa ap pèmèt w gen mwayen pou w ede plis fanm nan kominote a, epi w'ap vin yon pi bon fanmsaj.

Fanmsaj ka aprann nan men pwofesè, nan liv, nan men lòt fanmsaj ak lòt travayè lasante. Yo plis chache aprann fason ki sennesof pou yo fè travay yo. Men, plis yo fanmsaj ap fè eksperyans, se plis l'ap dekouvri ke gen kèk nan bagay li aprann yo ki pa sennesof ni se pa pi bon mwayen pou pran swen fanm yo.

Lè fanmsaj yo fin aprann nouvo teknik, yo dwe aksepte pou yo chanje metòd travay yo pou yo ka kontinye bay pi bon sèvis - ke yo aprann teknik sa yo nan men doktè, medsen fèy, oswa nan men lòt moun, Fanmsaj dwe chache fè travay yo ak tout onètete pou yo asire ke travay yo byen fèt -

### Mande «pou kisa »

Li enpòtan pou w mande «pou kisa » paske sa ede w fè plis ke jis chonje sa yo di w fè oswa sa w li. Lè w konnen pou kisa, ou ka pran desizyon menm lè w pa gen moun oswa liv ki pou di w egzatteman kisa pou w fè. Konsa tou ou ka adapte yon tretman oswa yon zouti pou w ka sèvi avèk li nan yon fason ki pa menm jan ak fason lòt moun sèvi avèk li. Finalman, li enpòtan pou w mande «pou kisa» pou w ka konprann kisa ki lakòz pwoblèm yo - pou w ka rezoud pwoblèm yo pi byen, answit pou w ka anpeche pwoblèm yo tounen.

## Pataje sa w konnen

Ansanm avèk sa yo aprann nan liv ak nan men pwofesè, fanmsaj aprann plis toujou nan men fanmsaj parèy yo ak nan fanmi y'ap swaye yo. Epi, fanmsaj yo ka amelyore kondisyon sante moun yo lè yo pataje sa yo konnen ak kominote a.

## Pataje sa w konnen avèk lòt fanmsaj ak travayè lasante

Fanmsaj ka travay ansanm pou ede youn lòt. Si yon fanmsaj tombe malad oswa li pa ka travay, yon lòt fanmsaj ka ede fanmi li t'ap swaye a. Konsa tou, fanmsaj ka aprann nan men youn lòt, epi tou yo ka antrene youn lòt. Nan kèk kominote, fanmsaj ak lòt travayè lasante pataje enfòmasyon ak youn ak lòt, epi yo pale de travay y'ap fè a an tout onètete. Kèk fanmsaj reyini ansanm chak mwa pou yo kompare enfòmasyon, epi pou yo pataje resous. Nan reyinyon fanmsaj yo nou ka:

- **Pran pawòl youn apre lòt pou nou pale de akouchman nou te fè.**

Se pou nou chonje pale de akouchman kite banou anpil pwoblèm, epi ki kalite erè nou te fè. Li pa fasil pou yon moun admèt ke li fè erè, men se yon gwo kado lè nou gen opòtinite pou nou aprann akòz de yon erè. Lòt fanmsaj yo ka eksplike si yo menm tou yo t'ap fè sa menm jan. Pou w ka pwoteje lavi prive manman an, pa nonmen non l.

*Pwochèn fwa a m'a chonje pran tansyon manman depi nan tranche. Sa ap pèmèt mwen gen tan wè si li fè enfeksyon.*



- **mande lòt travayè lasante pou yo vin rankontre ak gwoup la.** Pa egzanp, yon doktè fèy ka vin pale sou fèy nan lokalite a ki ka konbat enfeksyon. Osinon yon gwoup fanmsaj ka pale avèk enfimyè nan sant matènite nan zòn nan sou kouman fanmsaj ak enfimyè ka travay ansanm.



- **pataje enfòmasyon ki ekri nan liv (nan liv sa a tou!) avèk lòt fanmsaj.** Si okenn nan nou pa gen ase lajan, petèt plizyè fanmsaj ka mete ansanm pou yo achte yon liv pou yo sèvi ansanm.

## Chapit 1: Pawòl pou fanm saj yo

- Fè pratik (ak lòt fanmsaj) sou kijan pou w ede fanm ki gen tout sòt kalite pwoblèm. Pa egzanp yon moun ka fè sanblan li se yon fanm ansent ki pa manje ase bagay ki bon pou lasante. Yon lòt moun ka pretann li se yon fanmsaj – k'ap koute epi k'ap bay konsèy. Apre sa, chak moun sa yo ka pale pou eksplike kouman yo santi yo, epi lòt moun nan gwoup la ka fè sigjesyon sou ki lòt fason yo te ka fè sa. Asire w ke tout moun gen chans pou jwe youn nan wòl yo.



- **Sèvi ak konesans plizyè fanm saj.** Si yon fanmsaj konn li, li ka li (nan liv) byen fò pou lòt fanmsaj yo koute. Yon fanmsaj ki konnen esterilize zouti ka moutre lòt fanmsaj nan gwoup la kouman pou yo esterilize

### Pataje sa w konnen avèk kominote a

Antan ke fanmsaj, ou bay konsèy, ou fè tretman, ou menm sove lavi. Sepandan, lasante pi fò moun nan kominote a pa sou kont ou sèlman - paske tout moun gen dwa deside pou tèt yo kouman pou yo manje, kouman yo fè travay yo, ak ki chwa yap fè. Lè w moutre lòt moun epi w pataje enfòmasyon w konnen, fanmsaj ka ede moun fè pwòp chwa yo ak plis sajès. Se sak fè premye devwa w kòm fanmsaj se anseye lòt moun.

Anseye moun ka fèt nenpòt kote ak nenpòt ki lè. Lè w'ap egzaminen yon fanm epi w'ap di l pou kisa w'ap poze chak kesyon, se anseye w'ap anseye l. Lè w'ap eksplike yon gason ke planin se responsabilite pa l tou, se anseye w'ap anseye l. Menm lè w nan mache, nan yon rasanbleman popilè, oswa chak lè w gen yon rankont, w gen chans pou w anseye lòt moun.

### Anseye nan klas

Ka gen sijè ki bon pou moun nan kominote a aprann. Si se posib, mande pou gen reynyon ak fanm ansent, ak fanmi, oswa ak moun nan kominote a pou anseye yo bagay sou lasante ak sou akouchman. W ka anseye yo sou:

- kouman kò moun fonksyone
- kouman pou yo chwazi epi sèvi ak planin familial.
- kouman fanm ansent dwe manje ak pran swen tèt yo
- kouman pou yo akouche san danje
- kouman pou yo pran swen tèt yo apre akouchman ak kouman pou yo bay tibebe tete.

Anseye se yon bon bagay, men sa mande anpil pratik. Dabò w ta dwe aprann koute. Lè w dekouvri kisa moun déjà konnen, w ka ede yo ajoute sou konesans yo. Epi lè w pran tan pou w koute, gen bagay w'ap ka aprann nan men moun w'ap anseye yo.

Zòrèy w se 2 nan zouti pi enpòtan w yo



Pa egzanp, si yon gwoup fanm vle aprann enfòmasyon osijè de enfeksyon moun pran nan fè sèks (MST), ou ka kòmanse mande chak moun kisa li konnen de maladi sa yo (MST). Gen fanm ki ka gen konesans sou maladi sa yo (MST) dapre sa yo li nan liv oswa sa yo aprann nan lekòl, nan pale ak lòt fanm, oswa paske yo te pran enfeksyon sa a deja.

Aprè tout moun fin pataje sa yo konnen, chache wè ki kesyon yo genyen. Petèt gen moun nan gwoup la ki ka reponn kesyon youn lòt. Li pwobab pou w ajoute kèk enfòmasyon medikal ki enpòtan pou w ka eksplike yo ki kwayans ki pa kòrèk. Lè w ankouraje gwoup la pale, sa pèmèt ou wè kisa yo bezwen konnen tout bon – epi ede yo konprann ki kantite konesans yo deja genyen. Yon moun ki santi li byen konprann yon pwoblèm ap pi alèz pou li chache rezoud li.

Se pou w moutre respè pou moun w'ap anseye yo, epi asire w ke sa w'ap di ya se bagay ki gen enpòtans nan la vi yo.

- **Chita nan yon sèk tou won pou tout moun nan menm nivo.** Sa fè w rete menm jan ak tout moun, epi w pa moutre ke se ou ki gen plis konesans ke lòt moun yo.
- **Byen prepare.** Anvan w kòmanse anseye, byen reflechi sou sa w vle pataje avèk moun yo.
- **Sèvi avèk plizyè metòd pou w anseye.** Tout moun pa aprann menm jan, answit chak moun aprann pi byen lè yo aprann menm bagay la nan plizyè fason. Apre w fin pale ak gwoup la sou maladi moun pran nan fè sèks (MST), gwoup la ka monte yon ti pyès teyat sou sa. Osinon, yo ka fè postè pou distribye nan kominote a.



Lè w poze kesyon, sa ap pèmèt ou konprann kisa moun yo konnen deja, kisa yo vle aprann, ak ki pwoblèm y'ap rankontre.

Chonje, gen moun ki abitye pran la pawòl devan anpil moun. Gen lòt ki pè pale. Ankouraje medam yo, sa yo ki pat rive lwen lekòl, osinon nenpòt ladan yo ki abitye rete an silans, pou yo di sa yo panse (**wè liv ki rele Ede Travayè Medikal yo Aprann**).

### **Pataje konesans ou ak moun w'ap swaye**

Ak bon jan enfòmasyon, chak fanm kapab konprann kouman kò l fonksyone epi l'ap ka pran desizyon ki saj sou zafè sante l. Chak fwa ou rankontre ak yon fanm ansent oswa pou lòt kalite swen, eksplike'l kisa w'ap fè epi di'l poukisa. Reponn nenpòt kesyon ke fanm nan genyen osijè de kò l ak sou lasante l.

### **Admèt ke gen bagay ou pa konnen**

Pa gen moun ki konnen tout bagay. Gen pwoblèm ki pa fasil jwenn solisyon! Admèt ke gen bagay w pa konnen, epi sa ap pèmèt moun vin pi kwè nan sa ke ou konnen an.

### **Laswenyay nan kompasyon ak respè**

Tout moun merite respè. Antanke travayè lasante, fason w trete yon fanm ansent gen yon enpòtans patikilye.

Leplisouvan fanmsaj se otorite ke moun fè konfyans. Yon ti pawòl dous ak yo mo ankourajman ka ede anpil pou fè yon fanm pran konfyans nan kapasite li genyen pou l pran swen tèt li. Yon vye remak ak move jan ka kontinye fè fanm nan mal pou plizyè lane.

*I worried about you when you did not come last month. Was something wrong?*

*Sa fè kè'm kontan li pap rele sou mwen. Kounye a mwen ka eksplike l ke mwen pat vin nan randevou a paske lòt pitit mwen an te malad.*



### **Pa kritike**

Gen kèk fanm ki fin abitye ak moun k'ap derespekte yo. Lè w kòmanse travay ak yon fanm ki fin abitye jwenn moun derespekte l akòz de laj li, travay li fè, ras li oswa relijyon li, kantite kòb ke li genyen, paske li domaje, oswa pou nenpòt rezon, li ka atann ke w pral maltrete l tou. Sèl fason pou w ede li kalme perèz sa. Se lè w moutre l ke ou la pou w koute pwoblèm li epi pou'w ka ede l – men w pa la pou ou jije oswa kritike li.

### **Swiv pwòp konsèy w**

Moun plis swiv sa w fè ke sa ou di. Epi piske fanmsaj se moun ki gen respè nan kominote a, bagay wap fè ka ankouraje lòt moun pran swen tèt yo pi byen. Si ou bay pitit pa w tete, lòt fanm nan kominote a ap plis anvii bay pitit pa yo tete tou. Si w pa fimèn, lòt fanm ka swiv egzanp ou pou yo pa fimèn tou, oswa yo ka deside kite fimèn. Viv lavi pa w menm jan w mande lòt moun pou yo fè.

### Ede moun ede tèt yo

Chak moun gen dwa pou yo decide kisa yo vle ki pou fèt nan kò yo. Epi tou chak moun ta dwe pran responsabilite pou pwòp tretman yo. Konsa, yo ka vin responsab pou pwòp sante yo ak sante kominote a tout bon.



### Koute plis, pale mwens

Leplisouvan yon fanm bezwen yon moun ki pou koute'l san moun nan pa kritike li. Lè li gen chans pale, li ka menm remake ke li deja genyen kèk nan repons ak pwoblèm li yo.

### Pale de pwoblèm difisil yo san kache

Gen kèk fanm ki santi yo jennen, timid, twouble oswa ki vle kenbe pwoblèm yo sekrè. Ou jwenn sa sitou lè gen pwoblèm nan fanmi an oswa lè gen pwoblèm ak sèks. Yon fanmsaj - ki pale de bagay sa yo nan tout onètete epi san kache - pral remake ke gen anpil lòt fanm ki gen menm pwoblèm nan. Lè w pale klè ak fanm yo san kache anyen osijè de fanmi, sèks, ak sante nan zafè sèks, w'ap ede fanm yo santi yo pa twò poukont yo, epi'w ka ede yo rezoud pwoblèm ki gen gwo konsekans sou sante yo.

### Pa devwale zafè sekrè moun

Piga w janm rakonte pèsonn zafè lòt moun – eksepte si moun nan di li DAKÒ. Epi lè w'ap pale ak fanm sou zafè lasante yo, fè sa yon kote ki apa pou pèsonn pa tande sa w'ap di.

Sa ki enpòtan sitou, se respè pou zafè prive yon fanm, sitou lè w'ap pale sou maladi moun pran nan fè sèks, foskouch ak avòtman, epi pwoblèm fanmi. Ou pa dwe janm pataje kalite enfòmasyon sa a san pèmasyon fanm nan.

Se yon sèl lè w ta ka gen dwa pataje enfòmasyon sou eta lasante yon moun; sèlman avèk yon travayè lasante ki ap pran swen moun nan pandan yon ka dijans; lè sa a travayè lasante a ap bezwen konnen istwa sante fanm nan pou li ka pran swen fanm nan pi byen epi pou l ka evite danje.



Yon fanmsaj pa dwe rakonte zafè prive yon fanm.



## Travay pou amelyore sante fanm yo

Fanmsaj se pa moun ki jis la pou fè tretman chak fwa yon moun gen pwoblèm sante. Gen anpil bagay ki ka lakòz pwoblèm lasante. Ka gen pwoblèm fizik, kèk pwoblèm ekonomik, oswa pwoblèm politik. Lè w rezoud pwoblèm sosyal, ekonomik, ak politik, sa ka pèmèt ou evite anpil pwoblèm lasante – epi pwoteje plis fanm nan kominote a.

Travay pou rezoud pwoblèm sosyal epi amelyore kondisyon lasante fanm se pa bagay yon fanmsaj ka fè poukont li. Li dwe travay avèk tout kominote a. Lè tout moun mete tèt ansanm, li pi posib pou yo konprann pwoblèm yo epi jwenn solisyon. Li nan paj 28 pou ou ka jwenn plis enfòmasyon sou kouman nou ka kolabore pou fè chanjman.

### Moun ki afekte santé fanm

Gen anpil moun ki afekte sante fanm. Pou w ka pran swen yon fanm, ou dwe kolabore ak lòt moun sa yo tou.

Men kèk nan moun ki afekte eta sante fanm:

- mari l, pitit li, papa l ak manman l, epi lòt manm fanmi an.
- Patwon l ak moun ki travay menm kote avèk li.
- vwazeninaj li ak zanmi li.
- Otorite nan kominote a – lidè relijye, otorite leta, ak chèf katye a.
- Lòt travayè lasante – takou medsen fèy, doktè, ak travayè sante kominotè.



Kominote a gen pouvwa pou l oubyen pwoteje oubyen detwi sante yon fanm.

Nenpòt moun ki enflyanse fason yon fanm travay, manje, fè (oswa pa fè) seks, oswa fè okipasyon chak jou gen yon efè sou sante fanm nan. Gen de lè se yon bon efè – li ede pwoteje oswa amelyore sante fanm nan. Gen de lè li pa bon – sante ak byennèt fanm nan an danje.

Pa egzanp, sa ka pa ede si w di yon fanm ansent pou li maje plis si mari li toujou manje anvan epi pa gen ase ki rete pou li. Menm li menm li ka kwè ke grangou mari li ak pitit li pi enpòtan pase grangou pa li. Ki lòt moun ke w ka mande pou ede amelyore nitrisyon fanm nan, lè li pa jwenn ase pou li manje ?

- mari fanm nan; mari ki manje anvan. Petèt ou ka pale ak li sou ki kantite manje yon fanm ansent bezwen.

- gason nan kominote a, ki atann pou yo manje anvan. Gen plis chans pou mari fanm nan chanje si gen lòt gason nan kominote a ki chanje tou. Ou ka òganize yon reynyon pou fanm ak gason pou nou diskite poukisa fanm ansent dwe manje plis pou yo ka ansante. Si yon gason nan kominote a dakò ke fanm dwe gen menm kantite oswa plis bon kalite manje ke gason, sa ap louvri pòt la pou lòt gason ta dakò tou.
- Timoun k'ap grandi, ki anvan lontan pral tounen manman ak papa. Chak fwa yon gason manje anvan epi li manje plis, epi yon fanm manje apre epi li manje mwens, timoun yo wè sa epi yo aprann ke grangou yon gason pi enpòtan ke grangou yon fanm. Nan pale ak gwoup timoun lekòl oswa nan chanje fason ke fanmi pa'w manje, pwochenn jenerasyon an ka vin aprann pou yo bay gason ak fanm menm vale.

Ki moun ki ka ede pou asire ke gen ase manje pou tout moun?

### Gason ka pran swen sante fanm

Nenpòt lè w kapab, ankouraje gason yo pou yo kolabore pou ede amelyore sante fanm yo. Mari yo, papa yo, tigason, lidè kominote, lidè relijye, patwon, ak lòt gason tout jwe yon wòl nan kalite sante fanm ap genyen. Si gason nan kominote a santi yo responsab pou sante medam yo, se tout kominote a kap benefisye. Fanmsaj yo ka ede fè gason yo patisipe.

Sèvi avèk responsabilite ak kapasite ke gason déjà genyen. Pa egzanp, nan anpil kominote yo konsidere gason kòm pwotektè. Ede gason yo aprann kouman pou yo pwoteje sante medam yo.

Ankouraje mesye yo pou yo pataje nan responsabilite ki genyen nan gwosès ak nan okipe timoun. Gason ka okipe timoun menm jan ak fanm: rekonfòte, benyen, bay manje, edike, epi jwe avèk yo.

Envite gason ak fanm nan reynyon kominotè, epi ankouraje fanm yo pou yo pale.

Kolabore ak gason ki sousye de bezwen fanm yo. Yo ka pale ak lòt gason ki pi fasil pou yo koute gason parèy yo ke pou yo ta koute yon fanm.

Bay konsèy ki fè sans. Gason ki vle ede tout bon ak sante fanm ki bò kote yo ka pa konnen kouman pou yo kòmanse. Pa egzanp:

- Di gason yo kouman yo ka al tcheke epi fè tretman pou maladi moun pran nan fè sèks. Si se fanm nan sèlman ki fè tretman, patnè li a pral enfekte li touswit ankò.
- Eksplike gason yo ke lè madanm yo ansent, yo bezwen èd ak travay nan kay la.
- Pandan tranche, moutre gason an kouman epi ki kote pou li fwote do fanm an pou doulè a ka soulaje.



## Travay ansanm pou sove lavi


Lè fanmsaj kolabore ak tout kominote a, yo ka jwenn solisyon pou ede fanmy ap bay swen yo – oswa pou ede tout moun nan kominote a. Men yon istwa ki pase tout bon:

### Yon solisyon kreyatif

Andeyò nan peyi Afrik Delwès yo, lè yon fanm gen pwoblèm nan tranche, li difisil anpil pou li rive nan yon lopital. Se de twa kote andeyò sèlman ki gen machin, epi pifò chofè machin piblik refize pote fanm ansent. Lè yon fanm andanje, fanmsaj la pa gen ase mwayen pou ede li.

Kèk fanmsaj ak lòt abitan zòn nan diskite de pwoblèm nan, epi yo kreye yon solisyon pratik. Menm si moun nan zòn nan pat gen machin, yo te rete tou pre ak yon gwo wout. Tout jounen tout nwit, kamyon ap monte desann pou pote pwovizyon lavil. Gen yon moun ki di ke si yon fanm gen pwoblèm ak tranche, gen mwayen pou li ta jwenn yon chofè kamyon pran fanm nan pou mennen li lopital.

Pou plan sa a mache, moun nan zòn nan te bezwen asire yo ke chofè kamyon yo ap dakò pou yo kanpe lè gen yon bezwen. Yo pale ak yon moun nan sendika chofè kamyon yo. Manm sendika yo te byen kontan pou ede yo. Kounye a yo gen yon ti sistèm ki bay bon rezilta.




Lè yon fanm bezwen ale lopital, fanmsaj la kwoke yo moso twal jòn bò wout la. Lè yon chofè kamyon kap pase wè moso twal la, li kanpe epi li pran fanm ansent la ak tout fanmsaj la li mennen yo lopital.

Nan travay men nan men youn ak lòt, abitan zòn nan, chofè kamyon yo ak sendika a, fanmsaj sa yo ede sove anpil lavi.

## Fè travay ou ak kè kontan

Si w vle lòt moun patisipe nan efò k'ap fèt pou amelyore lavi yo epi pou pran swen sante yo, ou dwe jwenn plezi nan sa pou tèt pa'w dabò. Sinon ki moun k'ap vle swiv ou?

Anpil moun chwazi vin fanmsaj paske yo renmen sa epi pou yo ka rann kominote a sèvis. Travay y'ap fè a gen anpil enpòtans, men li pa fasil pou yon fanmsaj byen touche (se yon verite ki tris, men se menm bagay la pou anpil lòt travayè lasante epi prèske pou tout fanm kap en general). Detoutfason, leplisouvan si yon fanmsaj travay di epi li mete bezwen kominote a kòm premye devwa, moun l'ap sèvi yo ap respekte li epi y'ap apresye li.



Ou ka touché, konsa tou w ka pa touché pou travay w'ap fè a; men piga w janm refize travay pou yon malere ki pa ka peye w. Tout moun merite jwenn bon swen ak atansyon ke'w ka bay la.

Anpil fwa, travay yon fanmsaj se pa bagay ki fasil. Fanmsaj travay anpil, yo pèdi dòmi, yo fatige kò yo depase, epi yo fè lespri yo fè anpil efò. Fanmsaj santi yo gen yon gwo responsabilite ki ka lakòz yo gen estrès oswa doulè emosyonèl. Pifò fanmsaj aksepte tout pwoblèm sa yo, paske travay yon fanmsaj gen anpil merit. Anseye fanm ak lafanmi sou sa ki bon pou lasante kò yo, trete gwo pwoblèm lasante, epi ede mete nouvo lavje vivan sou latè a se kèk nan travay ki pi enpòtan epi ki gen plis merit ke yon moun ka fè nan lavi. Lemond bezwen bon travay fanmsaj yo ap fè a paske fanmsaj ede kreye yon sosyete ki pi fò, ki an bòn sante, epi ki gen plis sekirite.

